



Pou Biblikasyon Imedya: 29/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU AKÒ UNILEVER NAN IZRAYÈL

"Izrayèl se yon alye enpòtan ak patnè ekonomik presye pou Eta New York. Nan kòmansman administrasyon mwen an, mwen te pwolonje yon Dekrè Egzekitif ki te mande gouvènman eta a pou li retire lajan publik nan men konpayi ak enstitisyon ki angaje nan Bòykot, Dezenvestisman, oswa Sanksyon (BDS) ki menase souverènte ak sekirite Eta Izrayèl la. Nou te pran mezi rapid pou mennen ankèt sou bòykot lavant Unilever ak Ben & Jerry te prevwa epi, tou dènyeman, nou te bay Unilever yon dat limit 6 jiyè pou pwouve ke yo pa te angaje yo nan aktivite BDS. Pandan n ap apwoche dat limit sa a, mwen kontan ke Unilever te enfòme nou jodi a ke yo te rive jwenn yon akò pou kontinye vann pwodui Ben & Jerry nan tout Izrayèl la ak Sijòdani. New York pa gen okenn tolerans pou diskriminasyon oswa rayisans, epi mwen pral kontinye defann koneksyon pisan ant eta nou an ak pèp Izrayèl la".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418